

TATA PANGIBADAH MINGGU ADVEN KAPING 4 - GKJ AMBARRUKMA 21 DESEMBER 2025

Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB

(Warni Liturgis: Ungu, Stola/Logo/Simbol : Salib Jangkar)

1. **Pacawisan** : Imam mimpin pandonga ing konsistori
2. **Liturgos** :

Sakderengipun pangibadah, 2 (kalih) lilin ungu lan 1 (satunggal) lilin jambon sampun murup, saklajengipun Liturgos saged nyumet 1 (satunggal) lilin ungu paling inggil lan 1 (satunggal) lilin pethak ibadah.

Liturgos : “Pasamuwan kinasih kagunganipun Gusti Yesus Kristus, Pradataning Pasamuwan GKJ Ambarrukma ngaturaken sugeng rawuh, sugeng enjang, lan sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah **Minggu Selikur Desember Kalih Ewu Selangkung (Selawe)** (21 Desember 2025).

Sumangga kita sami atur uluk salam namaste utawi kanthi jawat asta kagem pasamuwan ing sakiwa tengen, ngajeng, saha wingking panjenengan. Berkah kabinngan, karaharjan, saha tentrem rahayu tansah nyarengi kita sami.

Kula nyuwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos Minggu menika, ingkang badhé kula aturaken sapérangan (*maosaken pawartos*).

Jangkeping pawartos saged kawaos lumantar pawartos *online* ingkang saged dipun undhuh mawi *QR code* ingkang sampun kacawisaken wonten ing layar monitor, punapa ingkang sampun kacawisaken wonten grup Whatsapp, menapa déné lumantar iber-iber cetak ingkang kacawisaken wonten ing kori greja.

Pasamuwan ingkang dipun kasihi dening Gusti, pangibadah wekdal punika kanthi irah-irahan “**Namung Kristus Pangajeng-ajeng Kula**” badhe kaladosaken dening Bapa Pandhita Purwantoro Kurniawan.

Sumangga kita puji asmanipun Gusti kanthi repening kidung pambuka “**Pasamuwan Nyawiji**” (**Ladrang Laras Pelog Pathet Barang**)...*kairing dening karawitan Kalvari Adi... pasamuwan kasuwun jumeneng*

- (1) Pasamuwan kang nyawiji netepi sabdaning Gusti,
Dadya paseksi nyata Yesus yeku Sang Pamarta,
Sih rahmating Allah tumrah mring gung manungsa,
Sumrambah salir tyang kang pracaya, basuki gesangira.
- (2) Pindha badan mung sajuga nging kathah peranganira,
Pasamuwan kang manunggal mbabarken gesang kang enggal,
Sami dene mbiyantoni wit sih-sinihan sayekti,
Tunggal ati tunggal Gusti, nengsemken mring sesami.

(Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkhotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkhotbah, sakderengipun Pengkhotbah mapan dhateng mimbar)

3. **Votum tuwin Salam Karaharjan:** (Pasamuwan Jumeneng)

Pandhita : Pasamuwan kinasih, sumangga ing pangibadah dinten Minggu Adven punika kita sesarengan mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:

Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**

Pandhita : Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, sadherek lan lare-lare sadaya.

Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**

Buka Demung: 7 6

. . 7 6 . . 6 7 5 . 5 6 5 3 (2)
A – min A - min A - min.

(Liturgos: Pasamuwan kula aturi lenggah.....)

4. **Sabda Introitus**

Lektor : Introitus kapethik saking: **Rum 1 : 1-7**

Lektor : “Mekaten sabdanipun Gusti”

Demung : 6 1 2 3 6 1 2 3 6 5 3 (2)

Sedaya : Pu – ji so - kur konjuk Gus - ti.

5. **Liturgos** : “Pasamuwan kinasih ing tetunggilanipun Gusti Yesus, sabdanipun Gusti ngengetaken bilih kita sami menika sampun katimbangan dados kagunganipun Sang Kristus. Pramila sumangga sesarengan kita repenaken kidung kanthi sukarena **Kidung “Sedya Asih” (Ladrang Laras Pelog Pathet Lima)**

(1) Kinanthi sekar pangidung,
Kidung katur Hyang Ma Suci,
Dhawuh tresna rong prakara,
Tresna marang Allah yekti,
Tresna asih mring sesama,
Sedya asih den antepi.

(2) Kidung ingkang tuhu tulus,
Sungkem Gusti siyang ratri,
Nuhoni dhawuh Sang Rama,
Datan mingkuh jroning ati.
Sedya asih kidungannya,
Den lestari siyang ratri.

6. **Pendeta : Sabda Andharaning Katresnan (Mulad Sarira) : 2 Korinta 2 : 10-11**

7. **Pacawisan Pamratobat**

Imam : ” Pasamuwan kagunganipun Gusti, Gusti sampun paring dhawuh tumrap kita sami supados kita tansah paring pangapunten tumrap tiyang sanes. Awit Gusti Allah ugi sampun paring pangapunten tumrap sakathahing pandamel dosa kita.

Sesarengan kita nyamektakaken manah nyawisaken pandonga pamratobat kanthi pepujen **Kidung “Prabantara” (Ayak-ayak Laras Pelog Pathet Lima)**

- | | |
|---|--|
| (1) Purwa madya wusana kang cinarita,
Purwa jagad swuh ngenguwung,
Kang ngratoni Gusti Maha Gusti,
Samubarang jinangkung Roh Suci,
Enem ari kinarya anyipta,
Bumi akasa lan saisine. | (2) Madya janma kekalih priya wanita,
Murba sagung kang kadulu,
Rinasa suka sajroning galih,
Titi mangsa laknat angreridhu,
Kadwi janma sinaput bebendu,
Jelih kepati dosa mring Gusti. |
|---|--|

8. Pandonga Pamratobat

Imam : “Pasamuwan ingkang sampun dipun tunggil ing padalemanipun Gusti, sesarengan kita aturaken pandonga pamratobat, kita ndedonga:

“Pinuji-pujia Gusti ingkah nitahaken jagat sak isinipun lan Gusti ingkang tansah mboten nate nilaraken kawula, pakaryan Paduka. Gusti ingkang dados pangungsen saha karosan kawula. Ing wekdal pangibadah enjang menika Gusti, kanthi cuwaning manah kawula awit ngakeni sedaya pandamel dosa kawula. Kawula tiyang inga nista saha jembar ing Ngarsa Paduka. Pramila Gusti, kawula nyuwun apunten awit sedaya dosa-dosa kawula menika. Ing mangsa Advent menika, kawula estu ngantu-antu rawuh Paduka mbabar katresnan tumrap kawula tiyang dosa menika. Nyuwun panganthi, pepadhang, saha panuntuning Sang Roh Suci tansah nyarengi anggen kawula sami nglajengaken gesang. Matemah kawula saged nggadahi manah ingkang kebak ing raos panarimah syukur awit Sang Kristus badhe manjalma manungsa mbabar karahayon. Linambaran sih katresnan ing rah kurbananipun Gusti Yesus Kristus Juru Wilujeng ingkang sejatos, kawula ndedonga. Amin.”

9. Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat lan Pangatag-atag Gesang Anyar : 2 Tesalonika 2 : 16-17

10. Kidung Kasanggeman

Liturgos : “Pasamuwan kagunganipun Gusti, Gusti Allah ing Sang Kristus saha Gusti Allah, Rama kita, ing saklebetipun sih-rahmatipun sampun ngasihi kita sarta sampun paring panglipur ingkang langgeng tuwin pangajeng-ajeng, satemah nyantosakaken manah kita ing saklebeting pendamel saha pitembungan ingkang becik.

Sesarengan kita ngaturaken kesanggeman kita kanthi repening **Kidung “Pameca” (Ketawang Laras Pelog Pathet Barang) pasamuwan kula aturi jumeneng**

Bawa: Mijil Ludira (dipunsekaraken tiyang setunggal)

Sang Yehuwah nate aprajanji, dhateng tyang pitados,
Badhe miyos ing kitha Betlehem, Bayi Suci Immanuel yekti,
Kang badhe paring sih, tresna kang satuhu.

Dipunkidungaken sesarengan:

- | | |
|---|---|
| (1) Ana Bayi miyos pinaringake mring kita
Ana Putra miyos pinaringake mring kita,
Pamisesane ingampil ing midhangane,
Sarta Asmane kasebut kaelokan,
Juru pirembag Allah kawasa,
Rama langgeng Ratuning katentreman. | (2) Bakal ana sogol tuwuh 'king tunggul Isai,
Ana solor tuwuh saking oyod mijil rahnya,
Kang katedhakan Rohe Yehuwah pribadi,
Suci satuhu Rohe kawicaksanan,
Rohing pambudi, Rohing pirembag,
Roh kawasa, Roh bekti mring Yehuwah. |
|---|---|

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

11. Wedharing Sabdanipun Gusti

(*Pasamuwan Lenggah*)

a) Pandhita : Pandonga Epiklese

b) Ngrepenaken Kidung Tema Mangsa Adven

Kagem nyuraosi Mangsa Adven, kita badhe sesarengan memuji pepujen Tema Mangsa Adven taun menika ing saben wekdal pangibadah kanthi irah-irahan “**Ku Berharap Pada-Nya**”. Pepujen menika anggitanipun (gubahan) Bp. Pnt. Herman Mursito lan Ibu Pdt. Nugraheni Siwi Rumanti.

Di tengah gelombang hidup
Ganas menerjang langkahku
Kadang ku termenung sendirian

Namun imanku berkata:
"Janganlah gentar hatimu!
Sebab masih ada pengharapan"

Tuhan menjanjikan kepadaku
Penolong hidupku yang teguh
Juruselamat yang 'kan datang selamatkanku

Dialah Tuhan Yesus
Sumber Pengharapan hidupku
dan ku berharap pada-Nya selamanya...

c) Pandhita : maosaken Yesaya 7 : 10-16

d) Pandhita : **Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Maranata.**

Pasamuwan :

Buka: Demung

. . 2 3 2 7 2 3

. . 2 3

2 7 2 3

. . 2 3

2 7 2 3

Mara - na-ta Amin

Mara - na-ta Amin

. . 2 3

5 6 7 6

. . 5 7

6 5 6 (5)

Mara - na-ta Amin

Mara - na-ta Amin

e) Pandhita : Paladosan Khotbah

f) Irah-irahan: “Namung Kristus Pangajeng-ajeng Kula”

g) Ancas : Pasamuwan dipun ajak tansah kumandel dhumateng Kristus minangka Tusing pangajeng-ajeng.

h) Isian Pepujen dening Bp. Sumardiyanto : “Sekar Sinom Ginonjing PL.6 – Allah Hadir Untuk Menyelamatkan Keluarga”

i) Wekdal Ening.

12. Pisungsung

Imam : “Pasamuwan ingkang linuber berkah ing Sang Kristus Gusti. Kamirahan saha berkahipun Gusti tansah linuber lumintu ing gesang kita sami. Pramila minangka cihnane raos sokur kita dumateng Gusti, sesarengan kita badhe ngaturaken pisungsung ingkang sampun kita cawisaken.

Pisungsung wekdal menika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal kagem pasamuwan, kanthong kalih kagem kesaksian pelayanan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya éméritus. Pisungsung mirunggan saged dipun lebetaken ing kotak ingkang sampun kacawisaken.

Lan ingkang ngersakaken caos pisungsung kanthi migunakaken aplikasi m-banking, sumangga saged mawi scan kode QRIS ingkang sampun cumawis, katèmpèl wonten palenggahan.

Tetales pisungsung kapethik saking serat **Kolose bab Satunggal ayat Pitu Likur (Kolose 1 : 27)** ingkang mekaten suraosipun:

“Iku padha diparingi sumurup sapira kaluwihaning kamulyane wewadi mau ana ing antarane para bangsa liya, yaiku: Gusti Kristus ana ing tengahmu, iya ana ing Sang Kristus iku dununge pangarep-arep marang kamulyan.”

Kita aturaken pisungsung wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repening pepujen **Kidung “Caos Pisungsung” (Lancaran Laras Pelog Pathet Nem)**

(1) Caosa pisungsung mring Hyang Ma Agung,
Krana gunging sih rahmat datan kendhat,
Bandha arta lan pethingan,
Gesang tansah binerkahan

(2) Tangan suku kula tansah makarya,
Mrih sesami nampi berkahing Gusti,
Nampeni berkahing Gusti,
Ngantos dumugeng wekasan.

(3) Bandha kasugihan wah kasagedan,
Gesang sawetahnyane pisungsung nyata,
Pisungsung nyata dados,
Mrih kamulyaning Pangeran.

13. Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat

14. Liturgos : “Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesarengan kaliyan tiyang pitados ing pundi-pundi papan, kita sami nélakaken **Pangaken Pitados Rasuli**. Pasamuwan kula suwun jumeneng

- Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.
- Inkang kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- Inkang nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- Punapa-dene pangapuntening dosa.
- Tanginipun raga.
- Sarta gesang langgeng.

15. **Pandhita : Paladosan Berkah**

16. **Liturgos** : “Pradataning Pasamuwan ngaturaken panuwun awit peladosanipun Bapa Pandhita Purwantoro Kurniawan lan sadaya paraga ingkang sampun nyengkuyung lampahing pangibadah Minggu punika, ugi pasamuwan ingkang rawuh lan nderek ing pangibadah.

Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, sumangga kita sami tansah kumandel dhumateng Kristus minangka Tusing pangajeng-ajeng. Kita pungkasi pangibadah punika kanthi repening **Kidung “Purnaning Pangabekti” (Lancaran Laras Pelog Pathet Nem)**

- (1) Pinujia nggih Allah Sang Rama, wah Sang Putra lan Roh Suci,
Purna pangabekti aneng greja, ngrasuk gesang saben ari.
Payo nindakna kang trusing ati, Sabdaning Gusti sung gesang yekti,
Sinartan dening berkahing Gusti, Sung sih rahmat mring sesami.
- (2) Pangabekti sestu pangibadah, lamun Gusti kang den sembah,
Kraharjaning pepadha den udi, jagad ramya tentrem yekti.
Payo nindakna kang trusing ati, Sabdaning Gusti sung gesang yekti,
Sinartan dening berkahing Gusti, Sung sih rahmat mring sesami.

17. **Liturgos** : “Mekaten lampahing pangibadah ing enjang menika sampun paripurna. Sugeng dinten Minggu Adven, sugeng kondur, Gusti tansah paring berkah tumrap sedaya.”